ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№136-137 (23.295) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къыгуэхьпlэ иlэкъым

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Тырныауэ къалэм щригъэкIуэкIащ КъБР-м терроризм щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ щыгъэфIагъэкI лэжьыгъэм щыхэплъэжа зэIущIэ.

АР КъБЩЫЗЭIУИХЫМ КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ, терроризмэм пэщIэтыным теухуауэ гъэзэщIакIуэ властым и къудамэхэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкIа пэтми, 2015 гъэм и жпуэгъуэ маздэм комиссэм и япэ зэIущIэм къыщащтауэ щыта унафэхэр зэрагъэзащIэм арэзы утекхъэнкIэ Iэмал зэримыIэр.

- КъэкIуэну зэман гъэнэгъум дэ дыщыгугъыфынукъым экстремизмэмрэ терроризмэмрэ екъэлIа щIэпхъаджагъэхэм япэщIэувэным теухуа лэжьыгъэм и мыхьэнэр нэхъ цIыкIу хъуну, мыбдежым ущыбэлэрыгъ зэрымыхъунурэ нэрылъагъущ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Иджыри къызэрэсым дэ тхуэзбзыукъым щIалэгъуалэр дин нэпцIым и гъуэгум тезышэ идеологие ихъу-ипкIым пэщIэувэфын, къыхуеджэныгъэ лъэщхэр зи лъабжьэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэнур. Ар и зы щхьэусыгъуэу кьоув зи акъыл мыгъыса ныбжьыщIэхэр хабзэм ебакъуэу Iэщэ къэзыщтэ гупхэм зэрахьхьэм. Дызэрыщыгъуаз эмкIэ, Къэзакъстэн Гуэнэгъум, нэхъ щхьэтечу жылIэмэ, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкI Сирием, щылIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIуэгъ цIыхуи 150-м нэблагъэ. ЩIалэгъуалэр апхуэдэ гъуэгу пхэнжьи темыгъэхьэныр теухуа лэжьыгъэр Iэщыбэ пщIы щIэмыхъунуми ар и зы щхьэусыгъуэщ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ кьабгъэдэкI шынагъуэм теухуауэ иджыри куэд дыдэ жыгIэфынущ, ауэ абы къикIын щыIэкъым, ар къыщэнэкIыным хэзгъэзауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм дыздемыгупсысмэ икIи пщэрыпIу зыхуэдгъэувыжахэр икIэщIыпIэкIэ зэрыдгъэззэщIэным яужь димыкIэмэ. А къалэнхэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщщ ныбжьыщIэхэм фIагъ лъагэ зиIэ щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэнымрэ спортым ахэр дезыгъэхьэх Iэмалхэр дэнэ щIыпIи къыщыизгъэпэщынымрэ.

Тырныауэ къалэм а махуэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэм щауфэныхуащ гъэ дыдэрыгъым кьурибыдэу псом япэ зэфIэгъэкIыпхъэу къалъытэхэри. Апхуэдэуи, КъБР-м и Правительствэм щыгрылъ щащIащ зэфIагъэкIын хуейхэм я программэ убзыхуа дызэрыт маздэм и кIэм ирихьэлIэу игъэхьэзырыпхъ.

Республикэм и Iэтащхьэми зэхьхьэм къыщыпсэльхьэхьэ щыхьэдыхагъэщащ террорист щIэпхъаджагъэхэм хэпщIа цIыхухэм я унагъуэхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрадэлажьэ Iуэхум адэкIи пащэн зэрыхуейр. ЗэIуIщэм къыщрыщыхагъэзыухахэм я Iыхьлыхэм. Апхуэдэ унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэми ирагъэбыдылIащ пщIэшхуэ зыхуащI нэхъыжьыфIхэр, щIыпIэ самоуправленэм и советхэм я депутатхэр, щIыпIэ администрацэхэм щылажьэхэр.

Жылагъуэ псомкI къыщызэрагъэпэщащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI гупхэр. Абыхэм яхэтщ курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, муслъымэн диным и лэжьакIуэхэр, участковзхэр, кхуажэдэсхэр. Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ Сирием щыIэ террорист зэгуэныгъэхэм яхьыхьахэм я благъэхэм пIалъэ ягъэувам тету зэрапIущIэхэр. Псалъэм папщIэ, зэгуэсу зэфIагъэкIа Iуэхухэм я фIыгъэкIэ, Бахъчэн къалэм иджыблагъэ къигъэззэжащ мы щIыпIэм икIыу, дунейпсо террорист зэгуэныгъэхэм яхьыхьауэ щыта щIалищым я зым.

ЗэIущIэм и кIэухым республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыздэуэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ щIалэгъуалэр гъэгу пхэнжьи тезышэхэр зэрымыжейр. Абыхэм я мурад бзаджэхэр щыIэныгъэ пащIэ зи гугъу ящIа Iуэхугъуэхэм зы мэскъал закъуэкIи ятеплъэкъукI зэрымыкъунур.

- А зэпэщIэувэныгъэм дызэрыщехъулIэм къыгуэхьпIэ имыIэу епхащ жылагъуэм и зэпIэзэрыт псэукIэри, езы ди гъащIэм и шынагъуэншагъэри, - къыхигъэщхьэхуIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КIУМАХУЭ Аслъэн.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Iуэхухэр щыхуэзащ «Газпром Межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Исаков Николай

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Iуэхухэр щыхуэзащ «Газпром Межрегионгаз» жэуап зэхэгъэщхьэхуIа зыхь зэгуэхьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ, «Урысей ипподромхэр» акционер зэгуэхьэныгъэ зэIухам и генеральнэ директор Исаков Н. В.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэр газкIэ къыззэыгъэпэщ Iуэхущ Iапlэм и статусым зэрызихьэжам къыхэкIыу (газыр ди республикэм щыщэныжмкIэ полномочиехэр 2016 гъэм мэкъуаугъэуэм и 27-м щегъэжьауэ иратащ щIэуэ къызэрагъэпэща «Газпром Межрегионгаз-Налшык» компанием), зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-р газкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ лъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэнум. Гульытэ хэха хуащIащ кIагъэсэбэпа энергием и уасэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжьным, сыту жыпIэмэ абы куэдкIэ елъытащ ди щIыналъэм зэблэу къыхэмыкIыу гъэсыныпхъэр къызэрыIэрыхьэнур.

Исаков Николай фIэгъэщIэгъуэну щыгъуазэ зищIащ КъБР-м дяпэкIэ шы спортым зегъэужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэм. Абы и лъэныкъуэкIэ унафэ щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр ипподромым Урысей Ипщэм и щIыналъэхэм папщIэ шы спортымкIэ Iэщ Iапlэхэр щагъэхьэзыр центр къыщызэIуахыну. Иджыпсту республикэм и сабий-ныбжьыщIэ шы спорт школым Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм щIэсхэм ящыщу 800-м щигъу къокIуалIэ. А еджапIэм нэхъри зегъэубгъуным пыщIа Iуэхухэр зэIущIэм къыщалэтащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

«Иджыпсту псалъэмакъ лейхэр ебгъэкIуэкIыурэ зэманыр бгъэкIуэд хъунукъым»

КIуэкIуэ Юрий яхуэгуэзващ террористхэм Ниццэ къалэм щызэхащIыхьа щIэпхъаджагъэр зыжьэхэуахэм

«Иужьрей илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу терроризмэм и щIэпхъаджагъэу щIыхь куэд зыхэкIуадахэр щэнейрэ къызылъыкъуэкIа Франджым аргуэру къыщыхьуа гуэвзгъуэм и гугъу щытщIкIэ дэ псоми кьыдгуроIуэ терроризмэм и шынагъуэр къэралщхьэхуэм зэрыхуэмыгъэзар. Ар дуней псом щIыхуу тетыр зыгъэгузавэ Iуэхущ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и унафэщI Путин Владимир мызэ-мытIэу, апхуэдэу Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и утыкури къигъэсэбэпурэ, терроризм ебэныныкмкIэ зэкъуэувэну дунейм хэзаралу тетым захуигъэзащ, ноби Олланд Франсуа, франджы цIыхубзм зэзэгъыгъаэзм аргуэру абы IупщIу щыхьэт техьуэжащ.

Иджыпсту псалъэмакъ лейхэр ебгъэкIуэкIыурэ зэманыр бгъэкIуэд хъунукъым, дунейпсо терроризмэм ебэныным хуэгъэзауэ къарууэ щыIэр зэщIэгъэуIуэн хуейщ.

Республикэм щыпсэухэм я цIэкIэ, си щхьэкIэ сэ кьызбгъэдэкIыу зэкIуэдахэм я унагъуэхэм сахуогузавэ икIи фэбжь зыгъуэтахэм я узыншагъэр икIащIыпIэкIэ зэтеуэвжыну си гуапэщ», - къыхигъэщхьэхуIащ КIуэкIуэ Юрий.

Щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр щагъэбыдэ утыку

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. изгъэущI къэралхэм я лIыкIуэхэри зыхэм «NALCHIK-2016» фестивалхэм я кинофестивалым хэтхэмрэ абы крихьэлIа хьэщIэхэмрэ

Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ сэлам гуапэ язох нэгуэущI къэралхэм я лIыкIуэхэри зыхэт «NALCHIK-2016» фестивалхэм я кинофестивалым хэтхэмрэ абы крихьэлIа хьэщIэхэмрэ!

ДЫЗЭРЫТ гъэр урысей кином и илъэсу ягъэуващ. Быдзу си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэрагъэпэща кино зэхьхьэшхэр ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм и мызакъуэу къэрал псом и дежкIэ Iуэху дахэу зэрыувнур, къэралым и кинематографием зегъэужьынымкIэ сэбэн зэрыхъунур, Урысейм, ди гъунэгъу къэралхэмрэ къэрал нэхъ жыжьэхэмрэ я актёр, режиссёр цIэрыIуэхэм зэрахэзгъэзэна и къуэдзэ фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэрагъэпэща кино зэхьхьэшхэр ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм и мызакъуэу къэрал псом и дежкIэ Iуэху дахэу зэрыувнур, къэралым и кинематографием зегъэужьынымкIэ сэбэн зэрыхъунур, Урысей ипщэм и къэралхэмрэ я щIыпIэ адміністрацэхэм щылажьэхэрэ. Ахэращ псом япэу я щIыналъэхэм щыщыIэ щытыкIэр сыт щыгъуи я нэIэ щIэгъэтыным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ екъэлIа щIэпхъаджагъэхэм я къэжьапIэр псынщIэу къэхутэным, щэхурылажьэ бандэ гупхэм ядэIэпыкъуэм я лъэр щIэзыуд Iэмалхэр къэлъыхъуэным хущIэкъупхъэр.

И мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым террорист щIэпхъаджагъэхэм егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым я Iэнатlэхэр ящыхьэмэнии. Абы и лъэныкъуэкIэ зэкIэлъыкIуатэу щыIэныгъэм и мыхьэнэр зэрымыкIуар. Ахэри гъэзэкIуэжьын хуейхэм ящыщщ. А лэжьыгъэр зэрекIуэкIым щIэх-щIэхыурэ щытепсэльыхьэщ терроризмэм ебэнынымкIэ щыIэ муниципальнэ комиссэхэм я зэIущIэхэми.

Зэрыщыту къапщтэмэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ебэныныр къару зэщIэгъэуIуакIэ егъэкIуэкIын хуейщ. ГурыIуэгъэущI, зи гугъу тщIы комиссэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залымрэ** быдэу зэдэлэжьэн зэрыхуейри.

ЩIыпIэ комиссэхэр яхуозэ щэхурылажьэ бандэ гупхэмрэ дунейпсо террорист зэгуэныгъэхэмрэ хэтхэм я благъэхэм, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ ислъам еджапIэхэр къызыухахэм я Iыхьлыхэм. Апхуэдэ унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэми ирагъэбыдылIащ пщIэшхуэ зыхуащI нэхъыжьыфIхэр, щIыпIэ самоуправленэм и советхэм я депутатхэр, щIыпIэ администрацэхэм щылажьэхэр.

Жылагъуэ псомкI къыщызэрагъэпэщащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI гупхэр. Абыхэм яхэтщ курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, муслъымэн диным и лэжьакIуэхэр, участковзхэр, кхуажэдэсхэр. Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ Сирием щыIэ террорист зэгуэныгъэхэм яхьыхьахэм я благъэхэм пIалъэ ягъэувам тету зэрапIущIэхэр. Псалъэм папщIэ, зэгуэсу зэфIагъэкIа Iуэхухэм я фIыгъэкIэ, Бахъчэн къалэм иджыблагъэ къигъэззэжащ мы щIыпIэм икIыу, дунейпсо террорист зэгуэныгъэхэм яхьыхьауэ щыта щIалищым я зым.

ЗэIущIэм и кIэухым республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыздэуэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ щIалэгъуалэр гъэгу пхэнжьи тезышэхэр зэрымыжейр. Абыхэм я мурад бзаджэхэр щыIэныгъэ пащIэ зи гугъу ящIа Iуэхугъуэхэм зы мэскъал закъуэкIи ятеплъэкъукI зэрымыкъунур.

- А зэпэщIэувэныгъэм дызэрыщехъулIэм къыгуэхьпIэ имыIэу епхащ жылагъуэм и зэпIэзэрыт псэукIэри, езы ди гъащIэм и шынагъуэншагъэри, - къыхигъэщхьэхуIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КIУМАХУЭ Аслъэн.

● Бахъсэн щIыналъэ

Хэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Уэлбанэрилэу зэрыщытам пыщIа гугъуехьэм емылъытауэ, Бахъсэн щIыналъэм и мэкъумэшщIэхэр гъавэ бэкIэ мэгугъэ.

ЩIЫНАЛЪЭМ и мэкъумэш Iэнатlэхэм бжьыхьэсэ гъавэу гектар мини 2,5-м щIигъу (абыхэм я Iухьжыгъуэри кьоблагъэ), джэш щхьэнтIэу - гектар 320-рэ, кIэртIофу - 140-рэ, сэхурану 2000, нартыхуу - мин 22-м щIигъу яIэщ.

Хэгъуэм хухаха пIалъэм кьыкIэрымыхун папщIэ, гъавэгъэкIэхэм дэтхэнэ зы Iэмалри къызэрагъэсэбэпыным хэтщ: щIыр жъы щыгъуща хьэсапкъэхэм йолэжь, техникэр зыхуей хуагъаз. Мэкъумэш Iэнатlэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ щIыналъэ управленэм и унафэщI Хьаскъул Хьэмидбий дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, сыт хуэдэу гъэр мыгугъуми япэ хэгъуэр кIэрыхунщэу и чэзум кьрахьэлIэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Махуэ къэс хагъахъуэ

Сэху мывэр Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыщIэзых Iуэхущ Iапlэм (мыр «Къэббалъкъгипс» ООО-м и Iэнатlэщ) и зэфIэкI псори ирехьэлIэ зэман ипэкIэ зыдэлажьа европей щэхуакIуэхэм я пIэм иувэн ди къэрал къызэрыщыгъуэтыным.

ЛОГИСТИКЭМКIЭ къудамэ лъэрыхь зэрыIэм и фIыгъэкIэ Iуэхур нэрылъагъуу мэкIуэтэ. Iуэхущ Iапlэр иджыпсI Iэмэпсымэхмкlэ зэрызэщIауэдэрэ зэлэжь гипсыр нэхъыфI хъуащ.

Iуэхущ Iапlэм щащI гипсыр ящэху Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэхэм, Москва, Санкт-Петербург, Сочэ, Волгоград къалэхэм. Зэман кIэщIым кьриубыдэу зэфIэкI хъарзынэхэр къызэкъуэзыха Iэнатlэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди республикэм и экономикэм зиужьынымкIэ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

КъБКъУ-м и унафэщIыр еджапIэм щIэтIысхьэхэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIхэр а еджапIэм щIэтIысхьэхэм къыхаха Iэщ Iагъэхэм ятетщIыхьауэ яхуэзэу щIадзащ.

КЪАПЩТЭМЭ, ректор Альтуд Юрий бадзэуэгъуэм и 14-м епсэльащ фIы дыдэу школхэр къаухыу балл лъагэхэр къэзыхьа щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ ящыщу КъБКъУ-м щIэтIысхьэн папщIэ документхэр езытахэм.

Ректорым ахэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр яратащ икIи вузым щекIуэкI зэхъуэжьныгъэхэм, егъэджэныгъэр дяпэкIэ къызэрызэрагъэпэщыну щыкIэм тепсэлъыхьащ. Абы щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щыгъуазэ ищIащ вузым зыщыкъурагъаджэ Iэщ Iагъэхэм, фIы дыдэу еджэжэр зэрагъэгушхуэ щыкIэм, нэгъэущIэмэ. Псалъэм папщIэ, балл пхъэбзэ дыдэ яIэу мы гъэм университетым щIэтIысхьэхэм япэ семестрыр иухыху дэтхэнэми мазэ кьэс сом мин 10 иратынущ.

«Сыт хуэдэ еджапIэ фыщIэмыгъэтIысхьэми, еджэным фегугъу, къыхэфха Iэщ Iагъэм кууэ щыгъуэзэ зыфщI. Аращ екъуПIэныгъэхэм я хэкIыпIэр. Сыт хуэдэ Iуэху емыгъажьэми, нэгъэсауэ къывэхъуIэну сынывохъуэхъу», - жиIащ зэIущIэм и кIэухым Альтуд Юрий.

КУЭЦЭ Ратмир,
КъБКъУ-м и пресс-Iуэхущ Iапlэм и лэжьакIуэ.

Налшык щыIэ «Горный родник» зыгъэпсэхупIэ унэм дыгъуасэ гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуат Иорданием къикIауэ я адэжьхэм я хэкум зыщагъэпсэхуну къаша сабийхэмрэ ахэр щыхьэщIэну къыхаха адыгэ унагъуэхэмрэ зэрыгъэцIыхуным.

Иорданием къикIа ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр бысымхэм ирагъэблагъэ

● Лъэпкъ Iуэху

ЗэIущIэр Хьэфыщ Iэ Мухьэмэдрэ КIуэрашын Анзоррэ ирагъэблагъэ.

КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжьрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэмрэ Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэмрэ я зэгурыIуэныгъэхэм я къызэрагъэпэща проектым ипкъ иткIэ, мы махуэхэм Налшык къеблэгъащ ныбжьыщIэ 13. Абыхэм гъэсакIуэ-егъэджакIуэу я гъусэ Хьун Ларисэ зэрыжиIамкIэ, я ныбжькIэ илъэс 13-17 ирикъуэу мы гупым хэт пщащэ цIыкIухэмрэ щIалэхэмрэ япэу къакIуэу аращ хэкужьым. Тхьэбысым, Шапсыгъ, Щхьэлахъуэ, Налшык, Бэчыжь адыгэ унагъуэхэм къахэкIа ныбжьыщIэхэр Хьэмзэ бен-Хьусейн и цIэр зэрихьэу Амман дэт адыгэ школым щIэсхэщ. Ахэр абы анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм, лъэпкъ къафэхэм цыхурагъаджэ.

- Бзэр фIыуэ ямыгъэшэрыуэми, мыбы къэтша цIыкIухэм я нэ къокI хэкужьым ныбжьэгъу къыщагъэутыну, я бзэр ирагъэфIэкIуену, - жеIэ Ларисэ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIэхъ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэдэ, КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжьрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI КIуэрашын Анзор, Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм илъэс куэд хъуауэ хэт Нэгуэр Зиуар, КъБР-м и егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапlэхэм я лIыкIуэхэр.

КIуэрашын Анзор псалъэ щратым кьажриIащ «Зэныбжьэгъугъэ» щIалэгъуалэ проектыр 2009 гъэ лъандэрэ ди республикэм зэрыщылажьэр икIи иужьрей илъэсхэм а Iуэхугъуэм хэтыну жэрдэм зыщIхэм я бжьыIуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI КIуэрашын Анзор, Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм илъэс куэд хъуауэ хэт Нэгуэр Зиуар, КъБР-м и егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапlэхэм я лIыкIуэхэр.

КIуэрашын Анзор псалъэ щратым кьажриIащ «Зэныбжьэгъугъэ» щIалэгъуалэ проектыр 2009 гъэ лъандэрэ ди республикэм зэрыщылажьэр икIи иужьрей илъэсхэм а Iуэхугъуэм хэтыну жэрдэм зыщIхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуэ зэпытыр. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ проектым и мурад нэхъыщIэхэр бзэм епхауэ зэрыщытыр. Адыгэ къуажэхэм дэс унагъуэхэм мауибл енкIэ щыхьэщIэну ныбжьыщIэхэм, адыгэбзэ фIэкIа зэхамыхьу, лъэпкъ шхыныгъэ IэфIхэмкIэ ягъэфIэнухэм, адыгэ жьэгум дэлъ нэмысымрэ зэхущытыкIэ дахэхэмрэ кIэлъыплъхэм, дауи, хэкур гукъинэ ящыхьунущ.

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм кьажриIащ мы проектыр илъэс 30 и пэкIэ кьежьауэ зэрыщытыр. Абы щыгъуэ Сирием къикIыу унагъуих ди республикэм къакIуэри, адыгэ унагъуэхэм щыхьэщIауэ щытащ.

- Мы Iуэхур КъБР-м и Унафэщ I Къуэрэшэй Юрий, Иордан Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир сымэ я деж къыщежьащ. Нобэ кьедгъэблагъэ сабийхэм я адыгэбзэр нэхъ гъэхуа хъуауэ, хэкум хуаIэ лъагэныгъэм нэхъри хэхъуауэ я адэ-анэхэм я деж узыншэу екIуэлIажьын Тхьэм ищI. Мы ныбжьыщIэхэр къыздикIа школым сэ зыбжанэрэ сыщыIащ. Сипхъу нэхъыжь Хьэфыщ Iэ Данэ абы куэд щIауэ адыгэбзэр щрегъэдж, апхуэдэу зэпыщIэныгъэхэр яхуди Iэщ. Мыдэкlэ сабийхэр щыкьхьэщIэну унагъуэхэм я тхьэмэ дэхэм захуэгъаэзри, Тхьэм фигъэпсэу! «Мыр лъэпкъ Iуэхущи, дэри ди зэфIэкI хэтлъхьэнщ, - жыфIэри фыкьыхьыхьауэ аращи, фыщIэ ин фхуэфащэщ, - жиIащ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд. Хьэщ Iэхэм абы тыгъэ яхуищIащ Мэшбашэ Исхьэкъ и «Хьан-Джрий» романыр, Тхьэкъуахъуэ Зулий хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIар.

Проектым хэтыну жэрдэм зыщIахэм ящыщщ: Налшык къалэ щыпсэуху Пщыгъэуш Артуррэ Махуэ Эдуардрэ я унагъуэхэр, Кэнжэ къуажэм щыщу Хурэ Анатолэ, Унэжокъуэ Тимур, Жьэкlэмыхъу Сэфрэйил сымэ я унагъуэхэр. Кушмэзыкъуей къуажэм щыпсэу Албот Аскэр, Къэхъун дэсхэу Щоджэн Валерэрэр Бэрэздж Аслъэнрэ, Джэрмэншык дэс Молэ Заур, Исльэмей щыщкIэ, мы къалэныр псом япэу зи пщэ хъыдэхуэр КъБР-м и щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм щылажьэхэрэ. Ахэращ псом япэу я щIыналъэхэм щыщыIэ щытыкIэр сыт щыгъуи я нэIэ щIэгъэтыным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ екъэлIа щIэпхъаджагъэхэм я къэжьапIэр псынщIэу къэхутэным, щэхурылажьэ бандэ гупхэм ядэIэпыкъуэм я лъэр щIэзыуд Iэмалхэр къэлъыхъуэным хущIэкъупхъэр.

И мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым террорист щIэпхъаджагъэхэм егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым я Iэнатlэхэр ящыхьэмэнии. Абы и лъэныкъуэкIэ зэкIэлъыкIуатэу щыIэныгъэм и мыхьэнэр зэрымыкIуар. А зэпэщIэувэныгъэм дызэрыщехъулIэм къыгуэхьпIэ имыIэу епхащ жылагъуэм и зэпIэзэрыт псэукIэри, езы ди гъащIэм и шынагъуэншагъэри, - къыхигъэщхьэхуIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КIУМАХУЭ Аслъэн.

КIэхумахуэ ФатIимэ

Нэгъуей Анзор

Иорданием къикIа ныбжьыщIэхэр.

Бысымхэмрэ хьэщIэхэмрэ.

■ Гъэтъэгъуэныгъэхэр ■ Юбилей ■ Хъыбарыщ Iэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Сабийхэм папщIэ ■ Малъхъэдис

Селяев Расул Алий и къуэр унафэхэр къэзыщтэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м *Налшык къалэ* *№142/1-5*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №91-РЗ-м и 2-нэ статьям, «Будаев Щамил Мурнимэмин и къуэм унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ» хэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м кІищта унафэ №141/1-5-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм хэгъэхьэн Селяев Расул Алий и къуэр, 1985 гъэм къалъхуар, профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьиргъэлъэгъуар.

2. Мы унафэр цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хьыбарегъащІэ телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Джаппуев Тенджиз Магомед и къуэм унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м *Налшык къалэ* *№142/2-5*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм мэзаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм щышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №91-РЗ-м и 4-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и «а» пунктым, япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ» Джаппуев Тенджиз Магомет и къуэм, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «ЩхьуантІэхэр» Урысей экологие партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьигъэлъэгъуам.

2. Іуащхьэмахуэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм щІэуэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къызэрыІахыр хэІущІыну щІын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и хьыбарегъащІэ тхыгъэр къэщтэн (мы Унафэм щыІэгъуэ).

4. Мы Унафэр цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хьыбарегъащІэ телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Лэжьыгъэхэм пащэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетымрэ «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» Іуэхущапіэмрэ курортхэм щылэжьэнуэр гъэхьэзырыным теухуауэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр зэрагъэзэщІэнум ехьэлІа я зи чэзу зэІущІэм щытепсэльыхьащ Кавказ хьэщІэщымкІэ школ къызэрызэрагъэпэщыным. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэм мы гъэм и пэщІэдзэм Іэ щІадзауэ лъэныкъуэхэр жьыдэжу зэдолажьэ.

КАВКАЗ хьэщІэщымкІэ школыр еджапІэ нэхъыщхьэм Псыхуэбэ щиІэ къудамэм къыщыдзэІуахыну я мурадщ, хьэщІэщ хьэрычэтымкІэ Гаагэ школым и Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр, «Архъыз» ВТРК-м и мылъкур, техникэр кьагъэсэбэпу. «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» АО-м и унафэщІым и къудзэ Вильк Святослав къыхигъащІ «Архъыз» ВТРК-м щаухуэну егъэджэныгъэ хьэщІэщым и проект тхылъхэмрэ и теплъэмрэ иджыпсту зэрелэжьыр. «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» ди пІэм диткъым, ди фІэщу тхужьыІэныр а Іуэхур гъэзэщІэным дызэрыхъэхьэзырыр», - жиІащ абы.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым Кавказ хьэщІэщымкІэ школ къыщызэІуахыным теухуа лэжьыгъэхэр щокІуэкІ, сервисымкІэ, туризмэмрэ дизайнымкІэ институтым щыщ Іыхьэу. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и ректор проректор Сумский Дмитрий къыхигъащІ я еджапІэм щекІуэкІыну ЩІэныгъэлІхэм я советым и зэІущІэм а Іуэхум зэрыщыхьэпльынур. Школым курыт щІэныгъэм къыдэкІуэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэбгъэгъуэтыфынущ. Сумский Дмитрий и лэжьыгъуэхэм ядэгугъашащ еджапІэм щІэсынухэр язызэрыхахым теухуа хьыбархэмкІэ, «Туризм», «Сервис», «Гостиничное дело» унэтІныныгъэхэм щІэупщІэшхуэ зэрапІэр къыхигъащІу. «ИужькІэ хьэщІэщ хьэрычэтымкІэ зи щІэныгъэм Гаагэ школым щыпсыщэну зи мурадхэри диІэщ», - дыщІигъужащ абы.

Апхуэдэу зэхьхьэм щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и студентхэр 2016-2017 гъэм и щІымахуэ бгы-лыжь лъэхъэнэм «Архъыз» ВТРК-м практикэ зэрагъэкІуэнум теухуа Іуэхугъуэхэм. «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» АО-м и лІыкІуэхэм къыхагъащІа студентхэм я практикэр зэрырагъэкІуэкІынур зэраубзыхуар, бжьыхьэкІэм тренинг-инструктаж къызэрагъэпэщмэ, студент нэхъыфІхэр къыхахыну Іэмал зэраІэнур. Практикэ зэрыщыІэну махуипщым къриубыдэу студентхэм зыхагъэгъуэзэнущ туристхэм хуащІэну Іуэхутхьэбзэхэм, пэшхэр зэрызэлъыІуахынум щыщІэдзауэ административнэ лэжьыгъэхэм нэсыху. «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» АО-м и унафэщІым и къудзэ Вильк Святослав къыхилъхьащ «Іуащхьэмахуэ» ВТРК-м и студентхэр практикэ ягъэкІуэну, абы теухуа Іуэхугъэ къызэрагъэпэщыну.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэттеххэм я тхыдэм и гъуджэ

УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ зэхуихьэсыжа пасэрей сурэттех 24-рэ щагъэлъагъуэ моделькер, дэрбэзр Сэралъп Мадинэ и Арт-Центрым. Выставкэр къызэрагъэпэщащ Сурэттеххэм я урысейпсо махуэм ирихьэлІэу.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР гъэлъэгъуэныгъэм щыхихгъэгъуазэм, Сэралъп Мадинэ ягу къиГэсІыжащ пасэрей сурэттеххэр иджыпсту Іэщ1ыб ящІами, нэхъапэм абыхэм щІэупщІэшхуэ яІэу, дэнэ кІуэми кьагъэсэбэпу зэрыщытар, а Іэмэпсымэхэм я кІэкІуэкІыкІам, зэрызаужьам кІэлъыплъыну гукъыдэж зиІэхэм я дежкІэ Элинэ и выставкэр зэрыІэмалыфІыр. Ди лэжьэгъуар и гуапэу арэзы техъуащ а Іэщ1агъэм, сурэттех Іэмэпсымэхэм дихьэххэм яхуэщхьэпэн папщІэ дерс итыну Сэралъпым къыхилъхьа Іуэхум.

Къарейм утыку кьрихьа пасэрей сурэттеххэм дыщІигъужащ абыхэм я цІэхэмрэ я тхыдэмрэ уэхэшГэгъуазэ тхыгъэхэр, а Іэмэпсымэхэм я кьекІуэкІыкІар, зэрызаужьар щызэхуэхьэсауэ. Сурэттеххэр я инагъкІи я теплъэкІи зэщхьэщокІ. Апхуэдэхэщ ди къэралым къищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщыдгъэкІа «Чайка», «Искра», «Зоркий», «Киев», «Сокол», «Поларойд», «Зенит», «Пентакон» сурэттеххэр. Абыхэм яхэтщ пхъэм къыхэщІыкІа нэгъуни.

- Си адэшхуэ Къарей Тофил и Іэщ1агъэкІэ сурэттехыу щытащ. Абы къыщІэна сурэттеххэм ящыщ зыбжанэр мыбы утыку къыщисхьащ. А Іэмэпсымэхэр схьымэну мурад сщІащ си Іэщ1агъэм и тхыдэр къызэрыщыкІэльэгъуам папщІэ. Мыбдежым щыфІьагъу сурэттеххэм къэсщэхуа яхэткъым, Мысыым сыщыкІуам пасэрей хъэпшыпхэр щащэ бззэрым сурэттехым ехьэлІа зы Іэмэпсымэ къыщысщэхуа мыхъумэ. Зэрыжьыс1ащи, ахэр си адэшхуэм къыщІэнащ е зыгуэрхэм тыгъэ кьыскуащІащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, гуапэ сщыхъащ сурэт техным сызэрыдихьэхьым щыгъуазэ зы нэхъыжь кьуажэм нэс кІыкІыу кьимыгъэсэбэпыж пасэрей сурэттехыр кьызэрызитар. А Іэмэпсымэхэм я бжьгъэм дяпэкІи кІуахэзгъэхъуэн гупсысэхэр сиІэщ, - жеІэ пщащэм.

Къарей Элинэ игъэлъагъуэ сурэттеххэм ехьэлІа я гукъэкІыжхэмкІэ выставкэм кърихьэлІахэр здзэгъэщащ. А ІэмэпсымэхэмкІэ зытрагъэха пасэрей сурэтхэр зэрахъумэр, сурэттехым и лэжьыгъэхэм и дуней лъагъуКІэр кьызэрызэщыр жаІ.

Зэхьихьэм кьрихьэлІахэр ирагъэплъащ сурэттех цІэрыІуэхэм. Я Іэщ1агъэм и щхьэхэм теуха я Іэуу еплъыкІэхэмрэ гупсысэхэмрэ щызэхэхуэна «Контрольные отпечатки» документальнэ фильмым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мыр Элинэ и етІуанэ гъэлъэгъуэныгъэщ. «Геометрия форм» зыфІаща и выставкэм нэхъапэІуэкІэ утыку къыщырихьауэ щытащ и лэжьыгъэхэр. Абы къыщигъэлъэгъуат Налшык, Сыхъум къалэхэм илъэс куэд и пэкІэ щауха, кхъахэ хьуа унэхэр, абыхэм я бжьыхьэгубжэ зэІухахэр е зэхуэщІахэр, щэнхабзэмрэ ГуязиджэмрэІ я архитектурэ фэеплъхэм хуэфащэ гулыІэтэ зэрэхуамыщІым гу лъыІуагъатэу. КъыжьІапхъащ, Элинэ езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ зиІэ сурэттехыу зэрыщытыр, и лэжьыгъэхэм удахьэх икІи гупсысэ щхьэхуэхэм ухуашэу апхуэдэщ.

Къарей Элинэ фІыщІэ яхуищІащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэригъэпэщыныкІэ къыдэІэпыкъуахэм, абы кьрихьэлІахэм.

Сурэттеххэмрэ а Іэщ1агъэм дихьэхэмрэ Іэмал фиІэщ шыщхьэуІум и пащІэдзэ пщІонэр сурэттех гъуэ зджэм ехьэлІа гъэлъэгъуэныгъэм фелПъыну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

● ФщІэн папщІэ

Къуэдыуэ сом мелуани 9-м щІигъу

Гъуэгум щекІуэкІыр зытх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-7-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 12592 -рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьар сом мелуани 9-рэ мин 168-м щІегъу. Абы щыщу сом мелуани 3-рэ мини 159-рэ, тралъхьам и процент 34,5-р, япшынащ, къет КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур суд приставхэм Іэрагъэхьэнущ.

Административнэ зыгъэдыр хабзэм игъэувэ пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2016 гъэм щІышылэм и 15-м къару зиІэ Федеральнэ закон № 340-ФЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, суд приставгъэзэщІакІуэхэм административнэ къуэдыхэр зымытхэм я хуитныгъэ щхьэхуэхэр пІалъэкІэ къызэтрагъэувыІэфынущ. Зи щІыхуэр сом мини 10-м щхьэдэхар пІалъэкІэ хуит ящІынукъым сыт хуэдэ автотранспорт лІэужьыгъуэри зэригъэкІуэну.

Къуэдыр пТепльэ-пТемыплъэр къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - **www.gibdd.ru**, мы телефонхэмкІэ 8 (8662) 495-551, 495-586,495-565.

УАРДЭ Жансурэт.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 16, *щэбэт*

♦**622 гъэр** Муслъымэн махуэгъэпсым и щІэдзапІэщ. Ислъамым и кьежьапІэу къалъытэ. Мухьэмэд Бегьымбарыр Мэккэм икІри Мадинэ кІуащ.

♦**1790 гъэм** США-м и Конгрессым унафэ кьищтащ къэралым и къалащхьэщІэ Вашингтон щаухуэну щІыр абы хуэхьыным теухуауэ.

♦**1909 гъэм** автомобилхэр къыщІэзыгъэкІ «Ауди» компаниер къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** США-м и Тринити полигоным, Нью-Мексикэ штатым щыІэм) дунейм щыяпэу къэтхьа бомбэм и лъэщагъыр щагъэунэхуащ. А гъэ дыдэм Америкэм а Іэщэ шынагъуэр щридзыхащ Японием и Хиросимэ (шыщхьэуІум и 6-м), Нагасаки (шыщхьэуІум и 9-м) къалэхэм.

♦**1956 гъэм** Карело-Финскэ ССР-р Карелие АССР-ру зэрахъуэкІащ. Иджыпсту ар УФ-м хыхьэ Карелие Республикащ.

♦**1965 гъэм** къызэІуахащ Монблан бгым (Альпы къуршхэм я щыгу нэхъ лъагэ дыдэм) кІуэцІрыкІ гъуэгур. Абы зэпищІащ Франджым и Шамони, Италием и Курмайор къалэхэр.

♦**1979 гъэм** Хьусейн Садам Иракым и президент хъуащ.

♦**1990 гъэм** Украинэ ССР-м и Радэ Нэхъыщхьэм а республикэр зыми и унафэ щІэмытыным теухуа Декларацэр къиштащ.

♦ТхакІуэ **КІэрэф Мухьэмэд** къызэралъхуа илъэс 94-рэ ирокъу.

♦ССР-м спортымкІэ и мастер, къэралым щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щыхьэзиІэ и лэжьакІуэ **Къуэдзокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ССР-м и и цІыхубэ артисткэ, Украинэм и ЛІыхъужь **Роговцевэ Адэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Искусствоведенэм и доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, музыкант, УФ-м щыхь зиІэ и артист, Къэршей-Шэрджэсым и цІыхубэ артист **Лепс Григорий** (и унэцІэ дыдэр **Лепсверидзещ**) и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, композитор щІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Агутин Леонид** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гъуэгу 29 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 25-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 17, *тхъэмахуэ*

Урысейм и Дзэ-Тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ
Этнографым и махуэщ
Металлургым и махуэщ
Корее Республикэм и конституцэм и махуэщ

Финляндием щагъэлъапІэ Демократием и махуэр

♦**1775 гъэм** США-м дунейм щыяпэу къыщызэІуахащ дзэм къулыкъу щызыщІэхэм папщІэ сымаджэщ.

♦**1868 гъэм** Японием и ЩалащхьэрКиото ирахри Токио яхьащ.

♦**1918 гъэм** Романовхэ я унагъуэр Екатеринбург щаухІащ.

♦**1942 гъэм** Сталиноград папщІэ екІуэкІа зауэм щІидзащ.

♦**1945 гъэм** ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текІуэныгъэр къыщызыхьа къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Берлин (Потсдам) конференцыр (бадзэуэгъуэм и 17 - щышылэуІум и 2-хэм екІуэкІар) къызэІуахащ.

♦**1967 гъэм** Лениным и цІэр зэрихьэу Арщыдан щыІэ колхозым Ленин орденыр къратащ.

♦**1976 гъэм** Монреаль (Канадэ) XXI Олимп джэгуэр къыщызэІуахащ.

♦Дипломат, Дунейпсо олимп комитетым и унафэщІу щыта **Самаранч Хуан Антонио** къызэралъхуэр илъэс 96-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ1у лэжьа **Уэз Анатолий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Нэмыц политик, Германием и канцлер **Меркель Ангелэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс сурэтыщІ **Къардэн Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 34-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 18, *блыщхьэ*

Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ

Испанием щагъэлъапІэ Лэжьыгъэм и махуэр

♦Ди эрэм и 64 гъэм Рим мафІэм исат. Район 14-м ящыщу къэнар 4 къудейт.

♦**1941 гъэм** Кьардэн Кьубатий япэ фашист къухьэлъатэр кьриудыкащ.

♦Адыгэ джэгуакІуэ **Мыжей Сэхьид** къызэралъхуэр илъэси 167-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик, СССР-м нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэмкІэ и министру, Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ1у щыта **Громыко Андрей** къызэралъхуэр илъэси 107-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, литературэдж, искусствовед **КІурашын БетІал** къызэралъхуэр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр **Мединский Владимир** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 33-рэ, жэщым градус 21 - 25-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псалъэ дахэм гъущІыр къегъэш.

● Футбол

Дерс къызыхэхыпхъэ зэІущІэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2016-2017 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 13-м щІидзащ. Нэгъаби хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и щІыхьыр щехъумэ «Спартак-Налшык-2»-м.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и командэ нэхъыщІэхэм и щІалэгъуалэм зэхьэзэхуэм жьыджэру щыщІидзащ. Нэрэзн и «Магас-ИнГУ»-м бэрэжьейм Налшык щыдригъэкІуэкІа зэІущІэм и япэ дыдэ дакъикъэм Илистинов Елдар хьэщІэхэм я гуащхьэхъумэм топыр кьыгтрихщ, и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри, бжьгъэр къызэІуихащ. ЕтІуанэ топми куэдрэ зыпигъэпльакъым. Кьурмэн Аскэр кьыхита топыр нэзрэндэсхэм я гуащхьэтетым Іэщ1экІри, бжьгъэр 2:0 хьуащ. Нэрылъагъут «Спартак-Налшык-2»-р и хьэрхуэрэгъуэхэм куэдкІэ зэрефІкІыр. Загъэпсэхуу къызэрихьэжу 3:0-у япэ зэрищам ар псоми наІуэ ящищІащ. Илистиновыр аргуэру къыхэжаныкІащ. ХьэщІэхэм я гуащхьэхъумэхэми гуащхьэтетми яІэщІэкІри, Елдар и етІуанэ топри мы зэІущІэм щыдигъэкІащ.

КуэдкІэ ныбжьыщІэхэр игъэбэлэрыгъащ. Абыхэм къащыхъащ текІуэныгъэр я Іэрылъхьэу. АрщхьэкІэ очкоищыр яІэщІэкІыным зы мащІэ дыдэщ иІэжар. Джэгум и кІэух дыдэм хьэщІэхэм я гуащхьэуэ Газдиев Идрис зэкІэлъхьэужьу топитІ «Спартак-Налшык-2»-м и гъуэм дигьэкІащ. Хэгъэрейхэм насып яІэти, абдежым хуэхаха зэманыр щиухащ, армыхъумэ, Іэнкун зэрыхъуэр щхьэгъэсэбэпу, «МагасИнГУ»-м и футболистхэм ещанэ топри къыдгъэкІыфынут.

3:2-уэ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьами, «Спартак-Налшык-2»-м и футболист щІалэщІэхэм дерс къызыхэхын хуей зэІущІэр ар щытащ. Абыхэм зыщагъэгъупщэ хъунукъым джэгум и кІыхьагъкІэ зыдкъыжьу зыдкъыжьу зэрыщІэбэныпхъэр.

Ди щІалэхэр зыхэхуа ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым командибл хэту аращ. Зи гугъу тщІа «Спартак-Налшык-2»-мрэ Нэзрэн и «МагасИнГУ»-мрэ кьищынэмыщІауэ, ахэр Астрахань и «Волгарь-М», Каспийск и «УОР-Дагъыстэн», Мэхъачкъалэ и «Анжи» академия», Дон Іус Ростов и «Ростов и гуп къыхэхар», Владикавказ и «Алания» ЛФК сымэщ.

Иджы ди щІалэхэр Дагъыстэным кІуэнущ. Бадзэуэгъуэм и 20-мрэ 22-мрэ ахэр зэкІэлъхьэужьу дэджэгунущ «УОР-Дагъыстэнымрэ» «Анжи» академиемрэ».

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ХъыбарегъащІэ

Параджанов Георгий фрегъэблагъэ

ЩоджэнцІыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым бадзэуэгъуэм и 18-м сыхьэт 12-м урыс актёр, кинорежиссёр, сценарист Параджанов Георгий хэту дерс щекІуэкІынущ.

Щоблэ уафэгум Мамхэгъ Михаил и вагъуэр

80

Мамхэгъ Михаил 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Джылахьстэнейм и къалащхьэ Тэрч къыщалъхуащ. 1959 гъэм абы Краснодар дэт Кубань мэкъумэш институтыр инженер-механик Іэщіагъэр иІэу къиуащ. 1964 гъэм Илъэсихьм и кІуэцкІэ абы и Іэщіагъэм фІыуэ хэгъуэзауэ ирілэжьащ, Іэнатіэ зыбжани зэрихьуэкІащ. 1965 гъэм ар КПСС-м и Тэрч райкомым и етІуанэ секретару хахащ, абы къыкІэлъыкІуэу - республикэм нэхъ ин дыдэу ит «Мэкъумэш Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ хъуащ. 1974 гъэм Мамхэгъыр Тэрч райкомым и ялэ секретару ягъэуващ.

1984 гъэм Мамхэгъ Михаил КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару хахащ, ильэситІ дэкІри, ар етІуанэ секретарь хъуащ. 1988 гъэм Мамхэгъыр Правительствэм и УнафэщІу ягъэуващ. 1991 гъэм езыр и Іэнатіэм къытекІащ.

Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ цІыхур мызэ-мытІэу Урысейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгеими, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми къабгъэдэкІыу цІэ лъапІэхэмрэ саугъэтхэмрэ къыхуагъэфэщащ. И щІыналъэмрэ абы ис цІыхухэмрэ яфІ къэзылъыхъуэу псэуа Мамхэгъ Михаил къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу, дыхуеплъэкІыжыну дыхуейт абы и Іуэхущ Іафэхэм.

Лъэпкъыл

Мамхэгъ Михаил ящыщщ Іуэхущ Іафэ дахэкІэ зэманыр зыгъэнщІахэм, цІыхубэ хозяйствэм зегъэужьыным зи гуащІэшхуэ хэзылъхьахэм. Губзыгъэ, Іэнатіэ зехьэкІэм хуэІэзэт. Къулыкъушхуэ иІыгъми, къызэрыгуэкІт, бэм я псэм дыхьэрт. И псалъэм зэрытебгъуэтэжым, гупсысэ узыншэхэр къызэрыбгъэдэкІым и пщІэм хигъахъуэрт. Дунейм, гъащІэм щекІуэкІэхэм, къыщыхъуж-къыщыщІэхэм я жанкІэ пхыпІыфырт, а псор тэмэму, пэжагъ хэлъу зэпилъытыфырт. Къыхуиухар кІурихьэлІэхункІэ хэкумрэ лъэпкъымрэ хьэлэлу хуэлэжьащ, и фІы куэд цІыхухэм яригъэкІащ. Аращ абы и цІэр щытфІэлъапІэри и фэеплъыр мыкІуэдыжьи зыщІри.

«ФІЫ зи мурадым къохъулІэ, - жаІэ. Лэжьыгъэмрэ цІыхугъэ лъагэмрэ зэгъэуэгуэ къызыдекІуэкІа Мамхэгъ Михаил деж ар щынэрылъагъут. Абы и мурадыр къехъулІэу, и псалъэхэр яфІэлъапІэу щІыщытар и гу къабзагъэрт, нэгъуэщІхэм защІэгъэкъуэным дапщэщи и псэр зэретарт.

Республикэм щекІуэкІа ухуэныгъэшхуэхэр Мамхэгъым и цІэм къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ. Апхуэдэщ къведза жылагъуэми ильэІэсу яуку ящыуэдия Налшык - Шэджэм - Бахьсэн псы кІуапІэ гупышхуэр, кьалэхэмрэ посёлкэхэмрэ щагъэува псы гъэкъэбзапІэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым троллейбусхэр зэрыщаутІыпщар, Печатым и унэр, Пионерхэмрэ школакІуэхэмрэ я унэр, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр, нэгъуэщІ куэдхэри.

Мамхэгъ Михаил фІыуэ сцІыкІу щытащ. «Къэбэлакъмэкъумэштехникэ» зэгуэхэныгъэм и тхьэмадзу щыщытам, езым я газет кьыдагъэкІыжьын мурадкІэ, 1969 гъэм сригъэблэгъауэ щытащ. Абы кьысхуэзэригъэпэща щытыкІэр район, республикэ газет псори зэпыщІэкъуэпсым хуэдэт. ГъэщІэгъэнэ зэращІэ, лэжьэн щыщІэздза ялэ махуэ дыдэм тІуми автомашинэщІэ зырыз кьытхуэкІуат - Мамхэгъым «Волга», сэ - «Москвич». Апхуэдэу дыздэлажьэу, зы пщэдджыжь гъэрым машинэхэр зыдэт пщІантІэм среджэ. «ИІэт, сидометрхэм дегъэплъыт», - жаІэри и «Волга»-м сыбгъдешэ. ИужькІэ сысейм и сидометрым кьридзам доплъ. Кьагъэлъагъуэ бжыгъэхэр щызэзгъапщэм, пцІы хэмылъу, Іэнкун сыкъэхъуащ - республикэм и «Мэкъумэштехникэ» зэгуэхэныгъэм и унафэщІым кІэикІухьам нэхъ зэрыхуэдитІкІэ нэхъыбэ къэзэжьыхьат. МащІэу кьыпыгуфІыкІа мыхьумэ, зы псалъэ кьыжьиІакъым.

Пэжыгъэр ялэ изыгъэщ цІыхур кьызыхэкІа лъэпкъым и насыпщ. И дуней тетыкІэм, и Іуэху зехьэкІэм абы и пщІэр кьеІэт, егъэин. Мамхэгъ Михаил хуэзэфІэкІар зы тхыгъэшхуэзкІэ кьыпхуэгъэлъэгъуэнукъым: ищІэр фІэмащІэт, и гур фІымрэ гуапагъэмрэ хуэгъэпсати, зэуваІэр кьехьулІэрт. А псор кьыщыхъуа унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэ дахэм кьыпэкІуэрт.

Ар къэрал лэжьакІуэ нэст, нобэрейхэм куэдкІэ ефІэкІырт, зэІэпахыу лІэщІыгъуэкІэрэ кьыддекІуэкІ адыгэ хабзэм ткІийуэ тетт. 1991 гъэм Налшык и утыку нэхъыщхьэм щрагъэкІуэкІа демонстрацэхэмрэ пэкІухэмрэ я зэранкІэ, республикэр щытыкІэ гугъу дыдэм кьихутат, зэпэщІэтыныгъэм пхуэмыгъэзэкІуэжыну насыпыншагъэ кьишэным нэсат. Льэныкъуэ псоми къызэдащтэну унафэхэр зэпэщнауэ кьащтэн хуейт. Абы тегушхуэфынур акъыл жан зиІэ, гупсысэ узыншэ кьызыпхьрыкІ цІыху губзыгъэхэрт. Апхуэдэ жьыкъалъэхэм ящыщт республикэм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэ Мамхэгъ Михаил. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамыр псэукІэр, лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ ихьуэмэн, ди щІыналъэр зэкъуэту кьызэтенэн папщІэ, республикэм и адрей унафэщІхэми хуэдэу, Правительствэм и Іэтащхьэ къулыкъум езыр текІащ. Ар и щыхьэтщ и лъэпкъым гуэ-льуэ хуиІэу, абы и кьэкІуэнум зэпымыуэ зэпІэпейтёйуэ зэрыщытар. Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ нобэ зэрыщытепщэм, зэкъуэту зэрызиужьым Мамхэгъым и фІыщІэшхуэ кІэлъ.

«Зэманым и декІр лЫфІш», - жаІэ. Ар зыхуэжаІар Мамхэгъ Михаил хуэдэхэрщ.

МЭШЫКЪУЭ Тэзал.

Михаил и адэ Шу Михаилрэ и къуэрылъхуэмрэ я гъусэу.

Мамхэгъ Михаилрэ КІуэкІуэ Валерэрэ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием щолажьэ.

ФІым къимыхьар Іейм къишэнукъым

Мамхэгъ Михаил КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм иКІэщыпІэкІэ иригъэкІуэкІа 12-нэ зэхуэсыгъуэм щыжиІахэм щыщ

Ныбжьэгъу лъапІэхэ! ФІыщІэ фхузощІ сыкъэпсэльэну Іэмал кьызэрызэфтам щхьэкІэ. Сэ къэщІауэ солъаІуэ псалъэ кьызатыну, а жысІэнум куэд зэригъэтыншыжынур соцІэри....

Сэ си дежкІэ сыт щыгъуи си адэм къызжиІам сытемыкІынур нэхъапэт: кьулыкъум сыхуэмыпабгъэу, Іэнатіэ кьыспъысам зэхэгъэж сымыщІу сыпэрытыну, къаруу сиІэр республикэм щыпсэу зыхухэм я гум фІыкІэ сыкъинэжьыным тезгъэкІуэдэну, мы щІыналъэм лъапІэкъуу исур зэгурыІуэу, мамыру псэун щхьэкІэ, схуэзфІэкІ къэзэмыгъэнэну. Араш си лэжьакІэмэ си унафэ щІыкІэми лъабжьэ хуэхъур. Адыгэхэм жаІэ: «ФІым къимыхьар Іейм къишэнукъым». Абы кьикІыр демократиер дэ лъэпкъ хьэлу зэрытхэлъыр араш.

Иджы си унагъуэм техуауэ. Республикэм и унафэщІым, сэ сызэригъэмкІэ, адрейхэри апхуэдэу егупсысын хуейуэ кьыслфІощІ, унагъуэ и лъэныкъуэкІи фэ тетын хуейщ. Пэжщ, адыгэ хабзэм кьригъэзэгъыркъым щхьэгъусэмрэ бынымрэ уатепсэльыхьыну. Ауэ нобэрей зэхэтыкІэм ар кьалэну кьеГэуэ. Ди нэхъыжьхэм кьысхуагъэгъуну солъэІу. Іуэху цІыкІухэм унафэщІым цІыхубэм хигъэжьэну ипІэ щІэблэр зыхуэдэр. И щхьэгъусэр - нэхъ гъунэгъу дыдэу кьыхущыт цІыхур - сыт хуэдэ? Дауэ ахэр цІыхубэ гъащІэм зэрыхэтыр?

Сэ щІалитІ сиІэт, нэхъыжьым Москва Куйбышевым и цІэр зезыхьэ уху эныгъэмкІэ институтыр ехьулІэныгъэ иІэу кьиуахащ, аспирантурэр дзэ щІыгъуэу, кандидат диссертацэр пхигъэкІащ, инджылызыбгъэм щрагъаджэ курсхэр кьыщІухуэкІауэ хуиту инджылызыбгъэкІи мэсалъэ. НэхъыщІэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ инженер-электрик Іэщ ІагъэмкІэ. Ахэр мэлажьэ, фадафэхэкъым, Іуэхуншэхэкъым. Щхьэгъусэр илъэс щэщым щІигъуауэ лъэпкъ щІэныгъэм хуолажьэ, егъэджакІуэу щІидзащ, республикэм ЩІэныгъэмкІэ и министерствэм методист-инспектору щылэжьащ, Урысей Федерацэм ЩІэныгъэмкІэ и министерствэм лъэпкъ школхэм я ЩІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и щІэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэу щытащ, ардыдэм кандидат диссертацэр щыпхигъэкІащ. Лъэпкъ щІэныгъэм, урысыбзэр егъэджакІэм, адыгэ гъэсэныгъэм, адыгэ хабзэм и философием холэжьыхь...

Дауэ мы ди цІыхубэ езэшам кьызэригурыбгъэІуэнур маршынэ зыкъызыхэсам, ицу утхэм кьэкІуэу утыку кьыльадэхэм лъэпкъ гукъеуэхэр зэрызыхамыщІыкІыр? Ди лъэпкъэм яхуэмыфащэ Іуэху напэтеххэр кьежьащ: имычэзуэу зэхуэсхэрэ зэхэзыву, дызыхуейр кьытхуэфщІэху дышэнэкъым жаІэу, чэтэн зиІ цІыкІуэхэр утыкум кьыщащхуэрэ зэрымыарэзэщ кьагъэлъагъуэу. Си гур хегъэщІ сэ а кьомым икІи кьыстохьэлъэ абыхэм сахэплъэну. Аращи, а напэтехыр кьузыбгъэн, мамырыгъэр ди щІыналъэм ильын щхьэкІэ, сабэп хьунумэ, си Іэнатіэм сыІубгъэкІыну сыныволъэІу. Аущ, фи фэщІ фщІы: си пІэ кьиувэнум сигуми си псэми кьыбгъэдэкІыу сыхуейщ Іуэхуфі куэд илэжьыну, лъэпкъхэр мамыру, тыншу псэунымкІэ щхьэпэну.

Псалъэ итам епцІыжьыртэкъым

МАМХЭГЪ Михаил, шэч хэмылъу, нур зиІэ цІыху пэжт, кьабзэт. Республикэм и унафэщІ Іэнатіэу абы десхьэкІахэм илъэс тІощІ хуэдиз къеубыд, зыр адрейм дыкъыгурымыІуэу зы махуи кьытхуихуакъым. Нэмысышхуэрэ пэжыгъэрэ зыхэлъ цІыхур дэнэкІэ ягъакІуэми, екІуу и Іэнатіэр ирихьэкІащ, цІыхум гуапэу хуущыту, лъэпкъ Іуэхум теухуауэ къикІуэт жьыхуаІэр имыщІэу. Аращ абы Къэбэрдей-Балъкъэр цІыхубэм и пщІэр къыщилэжьыфар.

ДОХЪУШОКЪУЭ Мусэ,
1983 - 1988 гъэхэм КъБР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщі къулыкъур зыІыгъа. 2011 гъэ

ЗЭИ сигу иКІыжьынкъым Афганистаным сыкІуэну унафэ къыхуащІауэ щыщыта зэманыр. Иджы ар къызэрыгуэкІ Іуэху хуэдэу къыпфІощІ, ауэ а зэманым ар зауэм укІуэ пэлытэт, къыумыгъэзэжынри хэлъу. «Хьэуэ» жыпІэми, Хэкум уепцІыжауэт къызэралытэнур. Партым хэтым и дежкІэ ар хъункІэ Іэмал зимыІэхэт, уеблэмэ езы Мэлбахъуэ Тимборэ дыдэ ищхьэкІэ къыхуащІа унафэти, зыри кьыпхуищІэфынутэкъым. Мис а къэмыр зэзгъэзахуэу пщыхьэщхьэм ди деж Мамхэгъ Михаил къокІуэ. Псалъэ леи жимыІэу, къуэш хуэдэу Іэплі къысхуищІыж пэтрэ, и нэм щІэт нэпсыр солъагъу. ИгъащІэкІи сщыгъупщэжынкъым а дакъикъэр. Езыр лъагэу, и щхьэц тхъуахэр баринэу утІэрэзауэ, зыкъеГьазэрэ, и гумащІагъым темыуКІытыхьу кьызжеІэ: «Мыхьэнэ имыІэу зыщІыпІи уэмыпытьадэу, Іэмал имыІэу уи хъыджэбз дахэхэм я деж къэкІуэж, дэ ахэр иджыри едгъэшэн хуейщ».

ЗУМАКУЛОВ Борис, *политик.*

ЗЫ КЪУЛЫКЪУМИ зы Іэнатіэми и щхьэр ягъэунэзакъым Мамхэгъым. Ар зэи щыщІакъым ныбжьэгъу пэжхэмрэ фІы дыдэу къэзылъагъу цІыхухэмрэ. Абы гъэщІэгъуэн хэлъкъым: ар езыр ныбжьэгъу пэжт, псалъэ итам епцІыжьыртэкъым икІи унафэ зыхуищІхэр гулъытэншэу зэи къэзымыгъанэ цІыху гумащІэт.

ЕВТУШЕНКЪ Николай, *мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор.*

ЦІЫХУХЭМ къызэралъытэмкІэ, Мамхэгъыр щІэныгъэрэ акъылрэ зыбгъэдэлэт. Ар жьакІуэт, гушыІэкІэ гъэщІэгъуэн хэлът, езым жьы щІэтти, кьрихьэжьа Іуэхум удригъэхьэхыфырт. А псом кьыдэкІуэу жаІэрт Мамхэгъым ныбжьэгъу куэд иІэу икІи ар дэтхэнэ зыми еІланІэу. Ар зэрыпэжыр наІуэ дыдэ хуэщ Михаил партым и обкомым лэжьэн щыщІидза нэужь...

Ауэ Мамхэгъ Михаил си нэгу кьызэрыщІыхьэжыр ныбжьэгъуэм кьаГэпцІэжа, нэгъэсауэ кьагурымыІуа цІыхуущ.

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Хьэжысмел, *профессор.*

ГУГЪУЩ икІи гухэщІщ фІыуэ пцІыху, фІыуэ плъэгъуа, узыхуэзэну уфІэфІу, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэм теухуауэ узэчэнджэщуэ хэкІыпІэ гуэрхэр къызідэбгъуэту щыта цІыхум блэкІа зэманым иту утепсэлъыхьыну. Апхуэдэт си дежкІэ Мамхэгъ Михаил.

Сэ си гуапэ хъурт абы езыми, и адэми, Тэрч щІыналъэм фІы куэд хуэзыща абы и кьуэш нэхъыщІэми, унафэщІхэм я мызакъуэу, цІыху кьызэрыгуэкІхэри фІыкІэ зэрытепсэлъыхьыр. ЦІыхухэм я нэхъыбэм фІыуэ зыкъеБгъэльагъуфынэр тыншкъым, абы щхьэкІэ Іуэхум фы дыдэу хэпщІыкІын, дэтхэнэ зы кьалэн цІыкІури нэгъэсауэ бгъэзэкІуэфын хуейщ. Укъэзыухъуреихьэм я фІэщ хъун хуейщ уэ унафэ пщІар зэрыпэжыр, уи щхьэ Іуэхур цІыхухэм я гукъеуэхэм япэ зэрумыгъэщІыр. Мис апхуэдэт Мамхэгъ Михаил.

БОЗИЙ Натбий,
КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ.

МИХАИЛ Къэбэрдей-Балъкъэрри, Тэрч щыналъэри, и лъэпкъри, и ныбжьэгъухэри, и унагъуэри фІыуэ илъагъурт, цІыкІуми инми пщІэ яхуищІырт. Арат абы и дуней тетыкІэм нэхъыщхьэу хэпльыр.

ХЬЭЖУ Владимир.

МАМХЭГЪ Михаил кьэрал кьулыкъущІэшхуэт, цІыхубэ лэжьакІуэт, политик Іэзэт. И цІыху хьэлымкІи ар зэрыщІэрыІуэр мащІэтэкъым. Зэ нэхъ мыхъуми ар зылъэгъуам зэи щыгъупщэжьыртэкъым, адыгэ хабзэр фІы дыдэу зэрищІэр яГэущІагъуэу. Псом хуэмыдэу ар фІыуэ кьыщалъагъурт Тэрч щІыналъэм. Абы лэжьэн щыщІидзам, Тэрч кьалэм и щІэрэщІэгъуэт, езыми «ЩІыхь зиІэ Тэрч жылэдэс» цІэр кьыхуагъэфэщат.

Михаил пасэу дунейм ехьжащ. Ауэ щІалэ бэлыхьхэр кьыщІэнащ, и адэм хьэлкІэ ещхьу. ДыщэпскІэ иритхащ Михаил и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэлэмы

Хьэмбылулъыхъуэ

● Къуажэхьхэр

Зи бзэр гІырылъ,
Зи псэр къытхэлъ.

Лъакъуэ зимыІэу
Бэзэрым щызекІуэ.

Нэхъыщ1эхэм я мащ1э,
Нэхъыжьхэм я куэд.

Хьэмбылулъыхъуэ,
Псыхъуэ кІуэрей.

Зи бжьхьыр къупщхьэ,
Езыр къупщхьэншэ.

Блыным и зы Іыхьэ,
Іыхьэ Іуахырей.

Ц1ыхухэм зэІэпах,
Хъыбарыщ1э къызырах.

Дзыгъуэ зекІуапІэ,
Джэду щэкІуапІэ.

Унэ лъэгум щызекІуэ,
Земыкі1уэфыр
къезыхьэк1.

Пэжыр зыгъэлъагъуэ,
Дагъуэ зиІэм и
жагъуэгъу.

Зи шыдыбжьыр
зыгъэпэщащэ,
Папщэ-щатэу лэжьэрей.

Лэнистэр зыгъабзэ,
Фащэ бзыныр зи
Іэщ1агъэ.

Зи фащэр хужь,
Узыншагъэр зи Іэужь.

ЖЭУАПХЭР:

Ана Ахъсэ Ахъмэт Бэлэ-
жьемыщ1 Бзэгу Гъэт Гъэн Гущ1э Гъущ1э Гъ1щ1э Гъ1ж1э Дзэрбэзэр Дзохъмыр.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● Гъуазджэ

Нысащ1э.
Сурэтыр зыщ1ар **Сэвк1уий Хьэмидщ.**

Сабийхэм папщІэ

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег

Сэ мамэ сиІэкъым

Сэ мамэкІэ зыми седжакъым,
Хэтми си мамэр сымыщІэ.
Папэ игъащІэм сльэгъуакъым,
И гугъэ хъунщ сыщымыщІэ.
Нани и щІаххъуэ сэ сшхакъым,
Сыщыжеякъым и куэщІ.
Дадэ и гъусэу хадэм ситакъым,
СриІэу имыщІэ сэ сфІощІ.
Сыщ1эсщ Сабий унэм си закъуэ,
Гъуатэмэ пэш щ1ыІэм къыщІех.
Слъагъуну си мамэ зэ закъуэ,
Сыхъуапсэу сэ сыІурех.
МахуэкІэ сыІусщ щхьэгъубжэм,
ПщІантІэм къыдыхьэхэм соплъ.
Зыгуэр къытеуІуэмэ бжэм,
Мамэ си гугъэу гур йоль...
КхъыІэ, сабий хьфІэвмыдзэ,
Схуздэу зыри зеинш3 фымыщІ.
Сабийр фэ зыуи хьимыдзэм,
Щ1ыІэщ сабий щІэхъуэпс фэр нэмыщІ.

Пэжкъым ар!

Гъэщ1эгъуэнкъэ мы ди нанэ!
ЖеІэ, сэ сыфоуэ.
СыІэфІыбзэу, сыфоупсу,
Фошыгъупс сшыхъурауэ.
Ауэ хъуркъым ар си фІэщ,
Мэгушыі1э нанэ.
Хьэдзыгъуанэм сашхыжам,
Сыт ищ1энт итІанэ?!

ЛъэІу

Сабийм и гу пщІанэм
Дыркъуэ тевмылъхьэ.
Сабийм фемыуэ,
Сабийр фымыкІ.
Щапхъэ фыхуэхъуу
Хьэл-щэн зыхевгъалъхьэ.
Вгъасэ ц1ыху нэсу,
ФытемыплъэкъукІ.
СыныволъэІу, лІэун!

Сабий нэпс щІэвмыгъэж.
Сабийм и къэкІуэнур
ИщІэркъым зымикІ.
Сабийм и дыгъуасэр
Хуэхъунщ и пщэдей.
Сабийм и гуэныхь
Фхуэпшынынкъым фэ зэи.

Балигъуу сыщытамэ...

Сэ балигъуу сыщытамэ,
Си сабийм семышхыдэнт.
"ТІу" къихьауэ къэкІуэжамэ,
Сэ и жагъуэ сымыщІынт.

Сэ балигъуу сыщытамэ,
Си сабийм сеущиент.
Зэран гуэри илэжьамэ,
Сымыгубжьу сепсолъэнт.

Сэ балигъуу сыщытамэ,
Си сабийр ныбжьэгъу къэсщІынт.
Сэ и дзыхь къызигъэзамэ,
Ар зы ц1ыхум къимыщІэнт.

Сэ балигъуу сыщытамэ,
ТІэкІу сабийуи сыщытынт.
Дыгъэджэгу сабийм жиІамэ,
Си сабийм сыдэджэгунт.

Узолъагъур фІыуэ, мамэ

И нэ ц1ыкІуэр фІамыщІ кІанэу
Къицыщхъукіыу погуфІыкІ.
Къэушащи, жейбащхъуэнэу,
И гъуэлъыпІэм къоувыкІ.
КъызешэкІыр Іэплэ хуабэу,
Щабэ ц1ыкІуу ба къысхуещІ.
- Мамэ, - жеІэ, сигъэгуфІэу, -
Тхьэйухудым уралейщ!
Апщ1ондэхухІэ сэ гур хохъуэ,
Сылъэтэнт, сиІамэ дамэ.
Езы ц1ыкІум зыкъысщ1ехьуэ:
"Узолъагъур фІыуэ, мамэ..."

● Псалъэжьхэр

Гум илъыр нэгум къыуегъащІэ

♦Дахэр зыгъэдахэр и щэнщ.
♦Псынэ куэд зэхэлъэдэжмэ, тенджыз мэхъу.
♦Ц1ыхур уи щхьэ еплъытмэ, емыкІу къэпхьынкъым.
♦ЯгъэфІэрей джэдур щхьэнтэ тесу къонэж.
♦Іуэхутхьэбзэм бзыпхъэ иІэщ.
♦Акъыл зиІэм жагъуэгъу и куэдщ.
♦Гум илъыр нэгум къыуегъащІэ.
♦Зи Іуэху нахуэм и нэгу хейщ.
♦Макъ зимыІэр уэрэд хуэлъэщ.
♦Уеплъмэ - дахэщ, зэгуэпхмэ - банэщ.
♦Тхьэкіымэм зэхих нэхърэ, нэм илъагъу.
♦Инэм лы имысмэ, пхъэ тыкъыірц.
♦Уи насып зыхэмылъым дагъуэ къыхуогъуэт.
♦Фом тхъу хэплъхьэкІэ зэІигъэхьэркъым.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Тебэкіэ гъэжьа мэлыл гъэгъуа

Мэлыл гъэгъуар г 50-60 хъу Іыхьэурэ зэпаупщІ, къупщхьэ хэлъмэ, зэпаудэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэри, щІигъанэу псы щІыІэ щІакІэ. Зэ къызэрытекъуалъэу, шыгъуи щІихьи щхьэкІэ, ар щІагъэж, псывэ щІакІэ, мафІэр цІыкІуу ешэхауэ, тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ 40-45-кІэ трагъэт, псыр щІэвэщІэху. Псыр щІэвэщІа нэужь, дагъэр къыщІедэри, лыр тхъуэплъ хъуху дакъикъи 6-7-кІэ ягъажьэ, зэІащІэурэ. Абы иужькІэ бжьын упщІэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри зэІащІэурэ дакъикъи 2-3-кІэ трагъэт, бжьынір жьэху.

Лы жьам псы щІыІэ щІакІэри тебащхьэр трапІэж, мафІэр ину зы дакъикъэкІэ, иужькІэ цІыкІу ящІыжри аргуэру зы дакъикъэкІэ трагъэт. Апхуэдэу пщІымэ, ныи мэ дахэ къыхех, Іэфі, и фэр дахэ мэхъу.

Іэнэм щытрагъуэвэкІэ тепщэчым иралъхьэ, бжьын гъэлыбжьари шыпс хуэдэу щІэтри тракІэж. ПІастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

Халъхьэхэр (цІыхуит1 Іыхьэ):
лы гъэгъуаугъ - г 400,
псывэ етІуанэу щІакІэр - г 720-рэ,
бжьынищхьэ укъэбзауэ - г 100,
псы щІыІэу - г 100,
шыбжий сыр хьэжауэ - гум пІэпихым хуэдиз.

Джэдыкіэжьапхъэ, кхъуей быдэ хэлъу

Джэдыкіэр фалъэм иракъутэри, тхъуэрымбз хъуху яудэ. Абы халъхьэ кхъуей гъэщэщ, гуэдз хьэжьгъэ, шатэ. Хьэжьгъэр хэзэрыхьыху фІыуэ зэІащІэ. ИтІанэ а зэхащІар тхъу къэплъа зэрыт тебэм иракІэ, и щхьэр трапІэжри ягъажьэ.

ЗэпыбупщІу, зэбгъэдзэкІыу лъэныкъуитІымкІи тхъуэплъ хъуху бгъажьэ хъунуц. Пщтыру тепщэчым иралъхьэ, пІастэ, мырамысэ даших.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
джэдыкІэу - 2,
кхъуейуэ - г 60,
гуэдз хьэжьгъэу - г 10,
шатэу - г 50,
тхъуэу - г 15.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьілъым къитхыжащ.

● Гушыіэ

Узот сом щибгъумкІэ!

Хъуэжэ и жэмыр ищэжыну мурад ищІат. Нэху щымэ, бззэрым ихуу ищэну игу илъу, пщыхьэщхьэм гъуэлъыжащ.

Жэщыбгьм Хъуэжэ пщІыхьэпІэ илъэгъуащ: и жэмыр ихуауэ бззэрым тетщ, езым сом мин жеІэ, ауэ сом щибгъу фІэкІа кратыркъым.

Абы хэту Хъуэжэ къэушащ. ПсынщІэу къыщыпэтщ, и цеижьыр зыгриубгъуэщ, и вакъитІыр зылъыпиІури, жэкІэ Іуэм кІуэри и пщІыхьэпІэр пэжрэ пцІырэ еплъащ. Жэмыр жьэгъуашхэу Іуэм ист.

Ар Хъуэжэ и жагъуэ хъуауэ кхъкІуэжри, гъуэлъыжащ. И нэр зытрипІэщ, и Іэр шхыІэным кІыщІигъэжщ, и Іэгур иущІри жиІащ:

- Къащтэ, узот сом щибгъумкІэ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **2**. «Щихухэр иджыри ... » - тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд цІэрыІуэ зыщІа тхьпІ. **7**. Сталиным и унэцІэ дыдэр. **8**. НэгъуэщІым ... хуэпІІмэ, уэ уихуэжьнкІэ хъунущ. **9**. Джэдыкіэ ... **10**. ЛъэпкъитІыр - адыгэмрэ балъкъэрымрэ - ... быдэкІэ зэпыщІащ. **13**. Гъавэ кхрахьэлІэжам щыщ Іыхьэу кІулейсызхэм иратыр. **14**. ПамыуплІу гъэ техьа удз. **17**. УсакІуэ КІэщт Мухьэз, уэрэджьІакІуэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, Мулэед, Шал Хъусен сымэ я кІуажэ.**18**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **19**. Адыгэ таурыхъэхэм уэзыщрихьэлІэ фІыгъэжь хьилэщыы. **20**. Бльным фІадзэ е пэш лъэгум иралъхьэ. **23**. Апхуэдизкіэ Іэмыкіуэлъэмыкіуэщи, ... зэрына хуэзрыхьркъым. **24**. Щ1ыхь ин лъэпкъ е ц1ыху къаруфІэ. **28**. УнэлъащІэм щ1ыщ1. **30**. Къуалэбзу пщэ кІыхь, лъакъуэ псыгъуэ кІыхь. **31**. Шы езыхужьахэм якІэлъыщІэпхъуэ гуп. **32**. Дзэлькъуэ куейм щ1ыщ къуажэ. **33**. ... и губжь къъуэм щехьэ. **34**. Щ1эдым зыхэзыгъэдж3рэзэну зыфІэфІ Іэщ1 роІщэ.

Къехьу: 1. Мэл кІуэцІфэцІым къыхэщІыкІа шхыныгъуэ. **3**. Уэнжакъым кІэрещІэ. **4**. Мэльц щабэ. **5**. УзыкІуэцІрымыплІыф хьэуа. **6**. ... ин зыбыгъ цІыхум и улахуэри нэхъ инщ. **11**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **12**. Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **13**. Академик цІэрыІуэ, Социалист Лжэныгъэм и Лыхъужь щэнейрэ хъуа, водород бомбэ щынагъуэр кхъэзыгупсысэхэм ящыщ зы. Брежневым и зэманым хьэІупс ящІри и цІэ лъапІэу хъуар трахыжауэ щытащ. **15**. Пхъэм къыхэщІыкІа кумбыгъэшхуэ, нэхъыбэу псы ирахъумэн щхьэкІэ ящ1. **16**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжьигъэ. **21**. Улажьэмэ, лыжь пшхынщ, умылажьэмэ, ... бгъуэтынщ. **22**. Щ1ОДЖЭНЦІЫКІУ Алий и цІэр зезыхъэ ди театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щытА, Лениным и ролыр зыгъэзэщІа, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **25**. ЦІыхубз ... хущанэ. **26**. Лэскэн куейм хиубыдэ къуажэ цІыкІу. **27**. КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретару илъэс 11-кІэ щытА, зи къулыкъым трагъэкІа. **29**. ЦІыхубзхэм зыкІэралъхьэ гъущІэкІ лъапІэ. **31**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Хьэбас. **7**. Индыл. **9**. Уэ. **10**. Егъу. **11**. Нэкуи. **12**. Бонн. **16**. Жьэгу. **18**. Адэжьынэ.**19**. Къат. **20**. Дзэл. **21**. Брежнев. **24**. Бру. **28**. Дадэ. **29**. Перу. **31**. Яе. **32**. Хьэ. **33**. Уэрэд. **34**. Абаз.

Къехьу: **1**. Тхъэм. **2**. Псыкуэд. **3**. Микоян. **4**. Къулей. **6**. Банэ. **8**. Данэ. **13**. Бжьыдзэ. **14**. Іужажэ. **15**. Щтаучъ. **17**. Гуэл. **19**. Къэб. **22**. Ридадзэ. **23**. Ереван. **25**. Идар. **26**. Куба. **27**. Деур. **30**. Щхьэм.

Ещанэр лейщ

Новеллэ

Сэрыншэу я гъащІэр нэхъыфІ хъуну къызыщыхъуу, Іэщ1ыб сызыщІа псори щІемыгъуэжьи Тхьэм фищІ!

Мы дунейм псоми уосэж: гуауэми, гуфІэгъуэми, нэпсми. Апхуэдэущ гъащІэр зэрыщытыр. Дыгъуасэ гъэщІегъуэну къыпщыхъуам, нобэ умыльагъуу ублэкІыжькІэри мэхъу. Псоми чэзу яІэщ.

Десэжащ дэри ди лъагъуныгъэм. Апхуэдэ иІащІэкІи къэхъуну къыщІымыхъуами, гъащІэгъуэнагъ абы хэтлъагъуэжькъым. Япэм хуэдэу абы и лыгъэм дисыжкъым, и Іэфіагъри зэхэтщІэжкъым. Ди гухэлъхэм утеэшэри, нэгъуэщІым и дежкІэ уеплъэкІын щІэбдзащ. Абы и нитІри и псэльэкІэри нэхъ дахэу къыпщыхъуащ. Абы гу лъызыта сэри лъэныкъэкІэ сытекІуэтащ. Лъагъуныгъэм и шабзэхэм къауІа дигуэри хъужащ. ТхьэмахуэкІэ дызэрымылъагъуми - дызэхуэзэщыжжкъым. Ябэм темыпыІэу зыхуэныкъуэу щыта ди псэхэри иджы я щхьэ закъуэу мэпсэуф. Псори я пІэ ивэжащ, зыми дигъэпІейтеижкъым. Лжэныгъэ, ныбжьэгъу, унагъуэ - арац иджы ди гъащІэр зэрыкІуэр. УпщІэ лей хуэмейуэ, псори гурыІуэгъуэ хъуащ! Ар къыдгурыІуэри, дызэбгъэдэкІыжащ. Уэ уи гъэгъуклІэ уежьэжащ, сэри си лъагъуэм сытеувэжащ. Псори гурыІуэгъуэщ!

Нобэрей ди зэхуэзэми мыхьэнэ лъэпкъ иІэкъым! ШхапІэ дыздыщІэсри, дыщызэрыщІыхуауэ щытар арами, Іуэхукъым. Хамэ зэхуэхуэ цІыхуитІу зэхуэзауэ зэпсальэу зэбгъэдэсу аращ. Сыт абы гъэщІегъуэнагъыу хэлъыр?!

Сэ сыпагащ, куэд схуэгъэгъуркъым. Зэгуэр ещанэу лей сызэрыхъари схузыщыгъэгъупщэнукъым. Ауэ, итІанэми, адэ куууэ сигу лъащІэм иджыри зы къуэпс цІыкІу щыІэщ уи цІэр тету. Иджыри къыхоузыкІ си гур, уи нитІым сыщІэплъэм. Си щхьэм щызбзыщІыжми, гухэлъхэр и кІэм нэсу ткІужакъым. Ауэ ар си гум жиІэми, си жьэм зэи къыжьэдэкІынукъым!

Дэ дытопсэлъыхь ди лэжьыгъэм, ди Іуэхухэм, ди гъащІэм. ЗыгуэркІэ дигу къыдоІэкІыж, додыхьэух. Ильэситху дызэрызэрымылъэгъуари щымыІам хуэдэщ! Сщыгъупщэжат зэгуэр апхуэдэу хуиту дызэпсальэу дызэбгъэдзэсыфу щытауи! Дигу къэдгъэкІыжьн Іэджи диІэщи, зым адрейр зэпыдудыжу допсальэ!

- Дауэ уеплъэ, - укъызоупщІ зэуэ, - ди лъагъуныгъэр и чэзум тхуэхъумэжатэмэ, ди гъащІэр нэгъуэщІу хъуну пІэрэ?

Жьэуапм и пІэкІэ сыпогуфІыкІ! Сэ схужьІэнут ар зыхуэмыхъумэфар уэрауэ, сэ лажьэ симыІэу. Ауэ сыщымщ, сыхуейкъым губгъэн гуэр пхузсщІу къозгъэщІэну.

- Иджыри Іейкъым дэ ди гъащІэр, - жызоІэ сэ. - Псори дыззрыхуеям хуэдэ хъущ... Дызыхуэныкъуэ щыІэкъым!

- Пэжщ, псори диІэщ: ныбжьэгъу, лэжьыгъэ, мыпкъу. Зы мыхьэнэншэщ къхитхуэтыр: насыпщ!

Аргуэру зыри къызэрымыкІ псалъэмакъ! Зэгуэр щыІам дыхущІегъуэж щхьэкІэ, абы къэгъазэ иІэкъым! Ауэ щхьэж и гъуэгу дытеувэжын и пэкІэ, аргуэру къызжьбоІэ:

- Псоми зэ къытедгъэзэжамэ, иджы нэгъуэщІут зэрыщытынур. Мы илъэсхэм сэ Іэджж къызгурыІуащ...

Ауэ аргуэру жэуапым и пІэкІэ сыпыгуфІыкІри, си гъуэгу сытеувэжащ! Уэри укъыскІэлъэоплъри ущытщ! Мис апхуэдэу зэгуэр сэри сеплъу сыщытащ нэгъуэщІым и гъуэгу зэрэжьэжьам! Абы щыгъуэ уэ зэ укъыскъуеплъэкІыжакъым, сэри сынэплъэнукъым! И чэзум мыхъуа лъагъуныгъэми къытремыгъэзэж! Си сыпагэщ, куэд схуэгъэгъуркъым! Закъуэныгъэми сигъащтэркъым! Си гум теплъхьа уІэгъэ псори лІыгъэм кІыхьэщІыкІа Іуданэкіэ здыжащ! Уэрыншэуи сыпсэуфынущ!

А гупсысхэм си гум нэжэгужагъэшхуэ къралъхьауэ, сокІуэж! СыпигуфІыкІыурэ, си унэм сыщІыхьэжри - си макъ къызэрикІкІэ гъын щІыздзэ...

ГЪУКІЭ Маринэ.

Псалъэзэблэдз



Узот сом щибгъумкІэ!

Хэт уи гуапэ зыщІыр?

● ЖыІэгъуэхэр

♦Уи гум кІишхыдыкІар къыптекІуащ: е хахуагъэкІэ, е щ1ыуагъэкІэ.
♦Унэгуащэм и щытыкІэр ипщэфІам къыхощ.
♦Хуэпщ1эр зыфІэмащІэм, хуумыщ1эфыр фІэкъуэдщ.
♦Хьэл зырыз зимыІэ щ1ыІэкъым, жи хьэлыншэм.
♦Хьэндыркъуакъуэм сызыхэс псыр кууащэрэт жиІэми, шэдми и уэрэд Іыхьэ къыщреш.
♦ЩІхьэхынэн щ1ыхуейм хуэжьыджрщ, жыджэрын щ1ыхуеймкІэ щхьэхынэщ.
♦Гум илъыр фадэм къриху-мэ, къэпщэхуу ебгъафэ хъун куэд щ1ыт.
♦ГъащІэр щэхущ: щхьэж нахуэ къыхуэщІыр и Іыхьэщ.
♦Уи щэхур зыгуэрым жепІамэ, адрейхэри къомыгъанэ.
♦ЩІэху зи яку дэлъхэр зэфІэнэжмэ, дзыхь зэхуащІам хущІогъуэж.
♦Іыхьлы хуэдэу уи гуапэ зыщІыфын щ1ыІэкъым, ауэ хэт нэхъыбэкІэ уи жагъуэ хуэщІын?

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмэр редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъэуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныгъэр зэхуэмыдэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкІ Соня,** *редактору* **ЩІхьэщэмыщІ Изэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **ПхъатІыкІ Аэмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.).* Компьютеркэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елажьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1003